



Pou Piblikasyon Imedya: 1/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 28 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU EDE ELÈV YO PREPARE YO POU INIVÈSITE

Sibvansyon an ouvri wout pou elèv ki gen revni ba ak minoritè yo jwenn yon edikasyon siperyè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te resevwa yon sibvansyon konpetitif 28 milyon dola, sou sèt ane, pou Priz Konsyans Bonè ak Preparasyon pou Pwogram Lisans (Gaining Early Awareness and Readiness for Undergraduate Programs, GEAR UP) Depatman Edikasyon Etazini an pou ogmante preparasyon pou inivèsite ak karyè pou plis pase 6,200 elèv nan Eta New York ki gen revni ba. Pwogram GEAR UP la pral ede elèv New York ki nan lekòl presegondè ak segondè trè pòv pou prepare yo pou inivèsite ak reyisi.

"Administrasyon mwen an pran angajman pou elaji aksè ekitab nan edikasyon siperyè pou tout elèv New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou bay elèv ki soti nan fanmi ki gen revni ba yo resous, n ap elimine baryè ki genyen pou edikasyon apre lekòl segondè epi n ap asire tout Nouyòkè yo gen zouti ki nesèsè pou yo pwospere. Prepare elèv nou yo pou siksè ap ede mete yo nan pi gwo avantaj konpetitif nan eta nou an, nan nasyon nou an, ak odela".

Elèv ki kòmanse nan 7yèm ane rive nan premye ane yo nan inivèsite pral gen aksè a sèvis sipò, ki gen ladan leson patikilye ak asistans pou devwa lakay, konsèy akademik, sipò, konsèy pou kolèj ak karyè, enfòmasyon finansye, vizit nan kolèj, ak akademi ete pou ede yo enskri ak reyisi nan inivèsite. NYGEAR UP ofri sèvis tou pou paran ak responsab epi devlopman pwofesyonèl pou pwofesè, konseye, ak administratè yo.

Sa a se katriyèm prim GEAR UP youn apre lòt ke Eta New York te resevwa ak youn nan sèlman de eta GEAR UP ke Depatman Edikasyon Etazini te finanse an 2022. Pwogram NYGEAR UP la pral administre pa Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè (Higher Education Services Corporation, HESC) Eta New York an patenarya ak Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY), Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY), Komisyon Fakilte ak Inivèsite Endepandan (Commission on Independent Colleges and Universities, CICU), Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York, ak lòt divès patenarya ajans eta yo.

Doktè Guillermo Linares, Prezidan Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè Eta New York (HESC) la, te deklare, "Pwogram GEAR UP Eta New York la te ede mete edikasyon apre segondè nan rive atenn plizyè milye elèv New York, epi mwen kontan dèske New York te resevwa prim sa a pou plis elèv ki pa byen reprezante yo ka resevwa sipò yo bezwen pou yo ale ak reyisi nan yon pwogram edikasyon siperyè. Nou dwe kontinye ouvri chemen inivèsite pou elèv ki gen revni ba ki fè fas ak inegalite ki se baryè pou yon edikasyon siperyè".

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "SUNY te etabli espesyalman pou bay yon edikasyon aksesib ak abòdab pou elèv ki soti tout kote. Finansman sa a pral ede konstwi sou efò depi lontan Eta New York ap fè pou voye plis moun sou yon chemen ki mennen nan yon diplòm inivèsite - ki gen ladan èd finansye dirèk atravè Pwogram Asistans pou Frè Lekòl ak sipò akademik atravè Pwogram Opòtinite Edikatif. Se yon envestisman nan siksè elèv nou yo, ak yon kredi pou angajman solid Gouvènè Hochul pou rann edikasyon siperyè pi disponib an rekonesans enpak pozitif enpòtan pou jwenn yon diplòm inivèsite genyen. Mwen apresye tou patnè federal nou yo paske yo te rann finansman GEAR UP yo disponib pou moun ki pi bezwen li."

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Pwogram GEAR UP la se yon antidòt enpòtan epi ki nesesè pou ede elimine baryè ki genyen pou siksè nan edikasyon apre lekòl segondè pou Nouyòkè ki soti nan fanmi ki gen revni ba, ki gen ladan plizyè milye elèv ki ale nan lekòl segondè minisipal yo epi ki espere antre nan sistèm CUNY. Fon GEAR UP la pral ede yon varyete pwogram ki pral ede anpil lòt elèv antre nan CUNY, jwenn diplòm yo, lanse karyè pwospè epi amelyore sikonstans ekonomik yo".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Pwogram GEAR UP la pwouve li se yon resous ki chanje lavi pou etidyan atravè eta a epi mwen kontan wè li kontinye. Etidyan sa yo pral fòme mendèv alavni New York. Yo merite yon egalite nan pozisyon ak tout opòtinite pou pouswiv chemen ki mennen nan karyè reyisi, satisfè".

Prezidan Komisyon Fakilte ak Inivèsite Endepandan (Commission on Independent Colleges and Universities) yo, Lola W. Brabham, te deklare, "New York ap fè fas a gwo defi pi devan. Pandemi COVID la kite sikatris pwofon, vizib ak envizib, epi li ekspoze frajilite kapital imen nou. Erezman, fakilte ak inivèsite klas mondyal New York, piblik ak prive, byen pozisyon pou ede eta a fè fas ak defi sa yo. CICU ak fakilte ak inivèsite manm li yo akeyi chans pou yo kontinye travay enpòtan sa a an patenarya sere ak Eta a pou ogmante siyifikativman kantite elèv ki pare pou antre ak reyisi nan edikasyon apre segondè. GEAR UP ede elèv yo resevwa resous ak sipò ki nesesè pou reyalize pi gwo potansyèl yo".

Lekòl ki elijib yo ak òganizasyon san bi likratif k ap aplike epi ke yo chwazi pou resevwa yon prim pral resevwa notifikasyon nan mwa janvyè. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram NYGEAR UP la, vizite <https://gearup.ny.gov/>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418